

COMMONWEALTH OF VIRGINIA



**Avi Sou Dwa ak Pwoteksyon
Timoun ak Fanmi
Ansanm ak
Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An
Pataje**



**Infant & Toddler
Connection of Virginia**

Sistèm Entèvansyon Bonè Pati C Virginia a

Jiyè 2012

AVI SOU DWA AK PWOTEKSYON TIMOUN AK FANMI

Entwodiksyon

Lwa Sou Edikasyon Moun Andikape a [Individuals with Disabilities Education Act (IDEA)] se yon lwa federal ki gen règ pou sèvis entèvansyon bonè pou tibebe ak timoun piti ki kalifye (laj 0-36 mwa) ki gen andikap ak fanmi yo. Règ sa yo ki soti nan Pati C IDEA a dekri nan regleman federal (34 CFR Pati CFR Pati 303) ak nan Lwa Eta (Kòd Virginia § 2.2-5300 et seq.).

Nan Virginia, sistèm pati C a rele Infant & Toddler Connection of Virginia. Sistèm te fèt pou maksimize patisipasyon fanmi ak asire paran bay konsantman pou chak etap nan pwosesis entèvansyon bonè a, kòmanse ak detèminasyon kalifikasyon an rive lè yo bay sèvis ak fè tranzisyon an.

Infant & Toddler Connection of Virginia gen ladan dwa ak pwoteksyon pou pwoteje paran ak timoun. Yo dwe enfòme paran yo sou dwa ak pwoteksyon sa yo nan Infant & Toddler Connection of Virginia pou yo gen yon wòl enpòtan nan sèvis fanmi yo ap resevwa. Avi Sou Dwa ak Pwoteksyon Timoun ak Fanmi se yon avi ofisyèl sou dwa ak pwoteksyon timoun ak fanmi ki defini Pati C regleman federal yo.

Yo bay fanmi yo enfòmasyon sou dwa ak pwoteksyon timoun ak fanmi nan ajans responsab lokal yo, ki responsab pou Pati C sèvis entèvansyon bonè nan kominote a. Se sitou ajans ak òganizasyon ki bay sèvis ki fè pati sistèm Infant & Toddler Connection of Virginia, (ki rele "ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan").

☞ Kowòdonatè sèvis k ap travay ak fanmi yo ka sijere plis materyèl pou ede fanmi yo konprann dwa ak pwoteksyon sou Pati C yo. Epi tou yo ka sijere fason ou menm ak lòt fanmi ka kolabore ak pwofesyonèl pou ede satisfè bezwen pitit ou genyen pou devlope.

Nan Sistèm Entèvansyon Bonè Infant & Toddler Connection of Virginia a, ou menm, kòm yon paran, gen dwa ak pwoteksyon sa yo:

- Opòtinite pou yon evalyasyon plizyè disiplin pou detèmine kalifikasyon pitit ou a epi, si li kalifye, evalyasyon ak devlopman yon Plan Sèvis Pèsonalize Pou Fanmi [Individualized Family Service Plan (IFSP)] avan 45 jou apre rekòmandasyon an;
- Si pitit ou a kalifye sou Pati C, opòtinite pou resevwa sèvis entèvansyon bonè ki apwopriye ¹ pou pitit ou a ak fanmi ou jan li diskite nan IFSP a;
- Opòtinite pou resevwa evalyasyon pou detèminasyon kalifikasyon, evalyasyon, devlopman IFSP, kowòdinasyon sèvis, ak pwoteksyon pwosediral gratis. Men, yo kapab fè w peye pou lòt sèvis entèvansyon bonè dapre kapasite w pou peye ak metòd pou deside kapasite pou peye yo ki detaye nan seksyon Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje ki nan dokiman sa a. Menm si ou pa ka peye sa p ap anpeche pitit ou oswa fanmi w resevwa sèvis entèvansyon bonè;
- Dwa pou aksepte oswa refize evalyasyon pou detèminasyon, evalyasyon, ak sèvis;

¹ Nan Virginia, yo detèmine "sèvis entèvansyon bonè apwopriye" nan pwosesis IFSP a. IFSP a dwe gen yon deklarasyon sou sèvis entèvansyon bonè espesifik ki nesèse pou satisfè bezwen pitit la ak fanmi an pou reyalize rezilta yo ki nan IFSP a. Regleman federal defini yon sèvis entèvansyon bonè kòm sèvis ki "kreye pou satisfè bezwen devlopman yon tibebe oswa timoun piti ki kalifye sou Pati C ak bezwen fanmi an pou ede devlopman tibebe oswa timoun piti a kòm sadwa."

- Dwa pou yo envite w ak pou w patisipe nan tout rankont kote yon gen pou pran yon desizyon sou yon pwopozisyon pou chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman pitit ou, oswa bay pitit ou ak fanmi ou sèvis;
- Dwa pou resevwa yon avi ekri atan avan yo pwopoze nenpòt chanjman oswa refize nan idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman pitit ou a, oswa nan fason yo bay pitit ou ak fanmi ou sèvis;
- Opòtinite pou resevwa sèvis entèvansyon bonè nan yon anviwònman natirèl nan mezi li apwopriye pou satisfè bezwen pitit ou pou devlope;
- Dwa pou yo kenbe enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye nou sekre;
- Dwa pou gen yon premye kopi dosye entèvansyon bonè pitit ou a gratis;
- Dwa pou resevwa yon kopi evalyasyon pou detèminasyon kalifikasyon, evalyasyon, ak IFSP pi vit posib apre chak rankont IFSP epi gratis;
- Dwa pou revize epi, si li apwopriye, korije dosye li;
- Dwa pou mande yon medyasyon oswa pwosedi ofisyèl san patipri pou resous dezakò ant paran/kote k ap ofri sèvis la; epi
- Opòtinite pou depoze yon plent administratif.

An plis dwa ak pwoteksyon nou mansyone pi wo a, ou gen dwa pou notifiye w sou pwoteksyon pwosediral espesifik sou Pati C yo. Men deskripsyon dwa sa yo pi ba a.

A. Avi Ekri Davans

Yo dwe ekri w yon avi davans nan yon tan rezonab (senk [5] jou) avan ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan pwopoze oswa refize pou inisye oswa chanje idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman pitit ou, oswa bay pitit ou ak fanmi w

sèvis entèvansyon pou timoun ki apwopriye a. Avi sa a dwe gen ase detay pou ba w enfòmasyon sou:

1. Aksyon y ap pwopoze oswa refize a;
2. Rezon y ap pran aksyon sa a;
3. Tout pwoteksyon pwosediral ki disponib ou Pati C; epi
4. Pwosedi medyasyon, plent ak jijman ofisyèl eta a, ansanm ak yon deskripsyon sou jan pou depoze yon plent ak delè pou pwosedi sa yo.

Avi a dwe:

1. Ekri nan yon lang piblik jeneral la kapab konprann epi nan lang natif natal ou amwenske ki enposib pou fè sa;
2. Si lang natif natal ou oswa lòt mwayen komunikasyon ou pa yon lang ekri, ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan dwe aji pou asire:
 - Avi a tradwi pa bouch oswa lòt mwayen pou ou nan lang natif natal ou oswa lòt mwayen komunikasyon;
 - Ou konprann avi a;
 - Gen prèv ekri ki montre yo te satisfè egzijans nan seksyon sa a; epi
 - Si w soud, avèg, pa ka li, oswa pa gen yon lang ekri, mwayen komunikasyon ou konn itilize nòmalman (tankou langaj siy, Bray, oswa komunikasyon pa bouch).

B. Konsantman Paran

Konsantman vle di:

1. Yo ba w tout enfòmasyon sou aktivite y ap mande w konsantman pou li an. Y ap bay enfòmasyon sa a nan lang natif natal ou oswa lòt mwayen komunikasyon, amwenske li vrèman posib pou fè sa;

☞ Lang Natif Natal, lè nou itilize li pou pale sou moun ki kapasite yo nan lang angle limite, vle di lang oswa mwayen komunikasyon paran timoun nan itilize nòmalman. Lè n ap fè evalyasyon yo, lang natif natal vle di lang pitit ou a itilize nòmalman si sa apwopriye pou devlopman pitit ou a.

2. Ou konprann epi ou dakò alekri pou mete aktivite y ap mande konsantman an (yo) an aplikasyon, epi konsantman an dekri aktivite a (yo) epi li fè yon lis dosye entèvansyon bonè avan (si te genyen) yo pral pataje epi bay kiyès; epi
3. Ou konprann se si w vle w ap bay konsantman ou epi ou ka anile li nenpòt lè. SI w anile konsantman w la, sa p ap pou yon aksyon ki te fèt avan w te anile konsantman an.

Yo dwe genyen konsantman ekri w avan tout evalyasyon pou detèmine kalifikasyon ak evalyasyon pitit ou ak fanmi w fèt epi avan yo kòmanse bay sèvis entèvansyon bonè. Si w pa bay konsantman ou, yo p ap fè anyen pou fòse ou. Ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan ap fè efò rezonab pou asire yo ou:

1. Konprann byen kisa evalyasyon detèminasyon kalifikasyon an ak evalyasyon an, oswa sèvis entèvansyon bonè ki t ap disponib yo ye; epi
2. Konprann pitit ou a p ap ka resevwa evalyasyon pou detèmine kalifikasyon, evalyasyon, oswa entèvansyon bonè amwenske ou bay konsantman.

An plis, kòm paran yon timoun ki kalifye sou Pati C, ou kapab detèmine si pitit ou a oswa lòt moun nan fanmi ou ap aksepte oswa refize nenpòt sèvis entèvansyon bonè sou pwogram sa a. Epi tou ou ka refize sèvis sa menm si ou te aksepte li avan san w pa deranje lòt sèvis entèvansyon bonè sou pwogram sa a.

W ap bezwen bay konsantman ekri y ap ka itilize asirans prive ou, si w genyen, pou peye pou sèvis yo. W ap jwenn plis enfòmasyon sou dwa ak responsablite w konsènan peman

pou sèvis entèvansyon bonè ki nan seksyon Enfòmasyon Sou Pri Pou Fanmi An Pataje nan dokiman sa a.

Finalman, ou gen dwa pou resevwa yon avi ekri davans ak yon konsantman ekri pou pataje enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye pitit ou ak fanmi w yo kolekte, itilize, oswa kenbe sou pati C, ki respekte lwa Federal ak Eta.

C. Dosye

☞ Sa yo se definisyon nou itilize nan seksyon sa a: (1) "Destriksyon/detwi" vle di yo dechire, kraze oswa retire enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye moun pèsòn pa ka idantifye moun nan dosye a ankò; (2) "dosye entèvansyon bonè" ou "dosye" vle di tout dosye li obligatwa pou kolekte, kenbe oswa itilize sou Pati C; ak (3) "Ajans ki fè pati sistèm nan" vle di nenpòt moun, ajans, antite oswa enstitisyon ki kolekte, kenbe, oswa itilize enfòmasyon ki ka idantifye moun pou mete egzijans nan Pati C yo an aplikasyon.

1. Egzamen Dosye

Konfòmeman ak pwosedi Konfidansyalite Enfòmasyon ki detaye nan pwochen seksyon gid sa a, yo dwe ba w yon opòtinite pou enspekte ak revize dosye ki gen pou wè ak evalyasyon pou detèminasyon kalifikasyon, evalyasyon, devlope ak mete IFSP an aplikasyon, pou bay sèvis entèvansyon bonè, plent ou fè konsènan pitit ou a, ak nenpòt lòt pati nan pwogram Pati C a ki gen pou wè ak dosye pitit ou a oswa ou menm.

Chak ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan dwe ba w yon opòtinite pou enspekte ak revize dosye ki gen pou wè ak pitit ou, ajans la te kolekte, kenbe oswa itilize sou Pati C kòmanse depi lè yo rekòmande pitit ou a pou sèvis entèvansyon bonè jiskaske ajans k ap patisipe a pa oblije kenbe oswa pa kenbe enfòmasyon sou lwa Eta ak Federal. Ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan a dwe respekte demann ou san reta ki pa nesesè epi avan nenpòt rankont sou yon IFSP oswa yon jijman ki gen pou wè ak

identifikasyon, evalyasyon, plasman, oswa pou bay sèvis pou pitit ou a ak fanmi ou epi, nan okenn ka, plis pase dis (10) jou apre yo te fè demann nan.

Opòtinite pou enspekte ak revize dosye gen ladan yo:

- a. Yon repons ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan pou demann rezonab pou espikasyon ak entèpretasyon dosye a;
- b. Dwa pou mande ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan a ba ou kopi dosye ki gen enfòmasyon an si yo pa ba kopi sa yo sa t ap fè ou pa ka egzèsè dwa ou pou enspekte ak revize dosye a si yo pa ba ou dokiman yo; epi
- c. Pou gen yon moun ki reprezante w enspekte ak revize dosye a.

Yon ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan gendwa prezime ou gen otorite pou enspekte ak revize dosye ki gen pou wè ak pitit ou a amwenske ajans la te resevwa dokiman ki di ou pa te gen otorizasyon sou lwa Virginia.

Chak ajans /òganizasyon lokal ki fè pati sistèm nan dwe kenbe yon dosye ekri tout moun yo bay aksè nan dosye ki te kolekte, pran, oswa itilize sou pati C (sòf si se paran ak reprezantan otorize ak anplwaye ajans la), ak non moun nan, dat yo te bay li aksè, ak rezon yo te bay moun nan otorizasyon pou itilize dosye pitit la.

Si nenpòt dosye gen enfòmasyon pou plis pase yon timoun, ou ka enspekte ak revize sèlman enfòmasyon ki gen pou wè ak pitit ou a, oswa pou yo enfòmasyon sèlman sou enfòmasyon sa a.

Chak ajans /òganizasyon lokal ki fè pati sistèm nan kapab ba ou yon lis kalite ak kote dosye ajans la te kolekte, jere, oswa itilize si w mande sa. Yon ajans /òganizasyon lokal ki fè pati sistèm nan kapab mande pou peye yon frè pou kopi dosye ki fèt pou paran sou Pati C si frè a pa vrèman anpeche w egzèsè dwa ou pou enspekte ak revize dosye sa yo. Men, yon

premye kopi dwe disponib pou ou gratis epi ajans /òganizasyon lokal ki fè pati sistèm nan a pa gendwa fè w peye pou chèche oswa pou tire enfòmasyon sou Pati C. Epi tou yo dwa ba ou, gratis, yon kopi chak evalyasyon, evalyasyon pitit ou, evalyasyon fanmi an, ak IFSP pi vit posib apre chak rankont IFSP.

Si w kwè enfòmasyon nan dosye w yo kolekte, kenbe, oswa itilize sou Pati C yo pa kòrèk oswa ka twonpe moun, oswa vyole dwa vi prive oswa lòt dwa pitit ou oswa fanmi w, ou ka mande ajans lokal k ap patisipe ki genyen enfòmasyon an pou chanje enfòmasyon an.

- a. Ajans sa a dwe deside si l ap korije enfòmasyon sa a jan ou mande a nan yon tan ki rezonab apre li resevwa demann nan.
- b. Si ajans sa a refize korije enfòmasyon an jan w mande a, yo dwe di w yo refize fè li epi pale w sou dwa w pou ale nan yon jijman.

Ajans lokal k ap patisipe a dwe ba w yon opòtinite pou ale nan yon jijman, si w mande sa, pou konteste enfòmasyon sou dosye edikasyon yo pou asire li pa manti, ka twonpe moun, oswa yon vyole dwa vi prive ak lòt dwa ou menm ak fanmi ou yon lòt fason. Ou ka manje yon jijman ofisyèl sou pwosedi Pati C oswa pwosedi sou jijman ki respekte regleman nan Lwa Sou Dwa Edikasyon ak Vi Prive Fanmi [Family Educational Rights and Privacy Act (FERPA)] nan 34 CFR 99.22.

- a. Si, apre jijman an, ajans la deside enfòmasyon an se manti, ka twonpe moun, oswa vyole dwa vi prive oswa lòt dwa timoun nan, si dwe korije enfòmasyon an kòmsadwa epi ekri w pou ba w enfòmasyon sa a.
- b. Si, apre jijman an, ajans la deside enfòmasyon an pa manti, li pa twonpe moun, oswa li pa vyole dwa vi prive oswa lòt dwa timoun nan, li dwe di w dwa ou pou mete yon deklarasyon nan dosye pitit ou a pou fè kòmantè sou enfòmasyon an, epi di nenpòt rezon ou pa dakò ak desizyon ajans la.

Men sa yo dwe fè ak nenpòt eksplikasyon ou mete nan dosye pitit ou a sou seksyon sa a:

- a. Ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan a dwe kenbe li kòm yon pati dosye pitit ou a depi ajans la kenbe dosye a oswa pati ou konteste a (pati dosye a ou pa dakò ak li a); epi
- b. Si ajans sa a pataje dosye pitit ou a oswa pati ou konteste a ak nenpòt kote, li dwe pataje eksplikasyon an ak kote sa a tou.

2. Konfidansyalite Enfòmasyon

Paran yo dwe bay konsantman avan yo fè bagay sayo ak enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye moun:

- a. Pataje ak okenn moun ki pa yon ofisyèl ajans k ap sanble, kenbe oswa itilize enfòmasyon sou Pati C, amwenske li gen otorizasyon pou fè sa sou Pati C (34 CFR 303.414) ak FERPA (34 CFR 99.30); ou
- b. Itilize pou nenpòt rezon ki pa egzijans pou yon rankont sou Pati C.

Yo pa ka pataje okenn enfòmasyon ki nan dosye entèvansyon bonè pitit ou bay okenn ajans /òganizasyon lokal ki ofri sèvis ki fè pati sistèm nan san konsantman w amwenske ajans la gen otorizasyon pou fè sa sou FERPA. Si w refize bay konsantman, ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan kapab mete pwosedi yo an aplikasyon, tankou eksplike jan sa ka afekte kapasite pou pitit ou resevwa sèvis sou Pati C si w pa bay konsantman ou, depi pwosedi sa yo pa deranje dwa w pou refize bay konsantman.

Yo dwe mete pwoteksyon sa yo an aplikasyon pou asirans konfidansyalite dosye yo:

- Chak ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan dwe pwoteje konfidansyalite enfòmasyon pèsònèl nan peryòd y ap kolekte, kenbe, estoke, pataje, oswa detwi yo;
- Yon ofisyèl chak ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan responsab pou

asire konfidansyalite chak enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye moun;

- Chak moun k ap kolekte oswa itilize enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye moun dwe resevwa fòmasyon oswa enstriksyon sou regleman, pwosedi ak pratik Pati C ki respekte IDEA ak FERPA;
- Chak ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan dwe kenbe, pou enspeksyon piblik, yon lis ajou ki gen non ak pozisyon anplwaye nan ajans la ki gen aksè nan enfòmasyon pèsònèl yo ka idantifye moun yo;
- Ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan dwe enfòme paran yo lè yo pa bezwen enfòmasyon pèsònèl moun yo ka kolekte, kenbe, oswa itilize sou Pati C ankò pou bay timoun nan sèvis; epi si fanmi an mande sa, yo dwe detwi li. (Dosye pèmanan ak non, dat nesans pitit ou, adrès ak nimewo telefòn ou, non kowòdonatè sèvis ak lòt moun ki ofri sèvis entèvansyon bonè, ane pitit ou kite pwogram nan ak laj li te genyen, ak nenpòt pwogram entèvansyon bonè yo kapab kenbe.)

D. Jan Pou Rezoud Dispit

Si w pa dakò ak yon ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan sou idantifikasyon, evalyasyon, plasman pitit ou a oswa fason yo bay sèvis entèvansyon bonè apwopriye pou pitit ou oswa fanmi w, ou ka mande yon rezolisyon administratif atan pou rezoud pwoblèm nan.

Virginia ofri twa (3) metòd pou rezoud dispit, epi yo tout disponib gratis pou fanmi yo: medyasyon, jijman ofisyèl san patipri, ak plent administratif. Pi ba a se yon apèsi sou twa chwa sa yo. Pou enfòmasyon sou jan pou mande yon medyasyon ak/ou jijman ofisyèl san patipri oswa pou depoze yon plent administratif, gade Enfòmasyon Kontak yo nan paj 10.

1. Medyasyon

Medyasyon se si w vle w ap bezwen fè li epi ni ou, ni ajans la dwe dakò ansanm pou fè li. Nenpòt moun ka mande yon medyasyon menmsi ni paran oswa ajans li pa oblije itilize li. Medyasyon bay yon opòtinite pou paran ak ajans yo rezoud dezakò yo (pa egzann plent pou timoun pa yo) yon fason ki enfòmèl epi pa gen konfli. Medyasyon an dwe fèt nan kenz (15) jou apre Ajans Prensipal Eta a resevwa yon demann pou medyasyon epi yo pa ka itilize li pou refize oswa mete reta nan dwa w pou gen yon jijman ofisyèl san patipri oswa refize okenn lòt dwa ou sou Pati C.

Enfòmasyon Sou Medyatè ak Ofisye Jijman yo...

Medyatè yo itilize nan medyasyon yo (ak ofisye jijman yo itilize nan jijman ofisyèl yo, jan yo di nan seksyon k ap vin apre a), pa dwe nan "patipri." San patipri vle di moun yo nome pou sèvi kòm yon medyatè (oswa ofisye jijman nan jijman ofisyèl la)—

(1) Pa yon anplwaye okenn nan ajans oswa pwogram ki konsène nan bay sèvis entèvansyon bonè, lòt sèvis, oswa swen pitit la; epi

(2) Pa gen yon enterè pèsonèl oswa pwofesyonèl ki t ap an konfli ak jijman pou mete pwosesis an aplikasyon.

Yon moun ki kalifye sou seksyon sa a pa yon anplwaye yon ajans oswa pwogram sèlman paske moun nan touche nan men ajans oswa pwogram nan pou mete pwosesis rezolisyon dezakò a an aplikasyon.

Ajans Prensipal Eta a ap kontakte nou tou de (pa egzann ou menm ak ajans la) pou revize plent la ak pwosesis medyasyon an, epi pou pwogram yon lè ak kote pou medyasyon an. Medyasyon an ap pwograme yon atan epi l ap fè yon kote ki fasil pou nou tou de. Yon medyatè kalifye epi ki pa nan patipri ki fòmèl sou jan pou itilize bon teknik nan medyasyon ap rankontre ak nou tou de pou ede nou jwenn yon solisyon pou plent la nan yon atmosfè ki enfòmèl epi san konfli. Ajans Prensipal Eta a

kenbe yon lis medyatè kalifye ki konnen lwa ak regleman ki gen pou wè ak jan pou bay sèvis entèvansyon bonè pou ti bebe ak timoun pitit ki gen andikap ansanm ak fanmi yo.

Si nou rezoud dezakò a ak medyasyon, tout moun ki enplike yo dwe siyen yon kontra legal ki dekri rezolisyon an epi ki di tout diskisyon ki te fè pandan pwosesis medyasyon an dwe konfidansyèl epi yo pa ka itilize li kòm prèv nan okenn jijman ofisyèl oswa pwosè sivil ki vini apre sa. Ni ou menm ak reprezantan Ajans Prensipal Eta ki gen otorize pou fè ajans la respekte kontra a dwe siyen li. Medyasyon pa anpeche w mande yon jijman ofisyèl san patipri nenpòt lè. Si medyasyon an pa mache, ou ka vle mande yon jijman ofisyèl san patipri.

2. Jijman Ofisyèl San Patipri

Yon jijman ofisyèl san patipri se yon pwosedi fòmèl yon ofisye jijman san patipri dirije epi li se dezyèm chwa pou fanmi k ap chèche rezoud yon dispit. Paran k ap chèche yon jijman ofisyèl san patipri dwe soumèt demann yo ekri dirèkteman bay Ajans Prensipal Eta a. Jijman ofisyèl san patipri a dwe fèt, epi dwe gen yon desizyon ekri, avan trant (30) jou apre yo resevwa demann nan. (Medyasyon, si yo tande fè li, dwe fèt nan menm 30 jou a.)

Yo nome ofisye jijman pou fè jijman ofisyèl yo. Ofisye yo dwe:

- a. Konnen lwa yo ki nan Pati C ansanm ak bezwen, ak sèvis ki disponib pou, timoun ki kalifye ak fanmi yo; epi
- b. Fè travay sa yo:
 - Koute prezantasyon sa moun yo panse yo plent/dezakò a, egzaminen tout enfòmasyon ki gen pou wè ak pwoblèm nan, epi chèche jwenn yon rezolisyon atan pou dezakò a;
 - Bay yon dosye pwosesis la sou depans leta a, ansanm ak yon desizyon ekri (sèlman pou jijman).

Sou Pati C, ou gen dwa yo ki nan lis pi ba a nan nenpòt jijman ofisyèl pou ki fèt sou seksyon sa a.

- a. Pou w gen akonpayman ak konsèy yon avoka (sou depans pa w) ak moun ki gen konesans oswa fòmasyon espesyal sou sèvis entèvansyon bonè pou timoun ki kalifye sou Pati C (sou depans pa w);
- b. Pou prezante prèv epi konfwonte, entèwoje, ak enpoze prezans temwen;
- c. Pou entèdi entwodiksyon nenpòt prèv nan jijman an yo pa te pataje ak ou omwen senk jou avan jijman an;
- d. Pou gen yon transkripsyon jijman an ekri oswa yon vèsyon elektwonik mo pou mo gratis; epi
- e. Pou w jwenn rezilta enfòmasyon ak desizyon ekri yo gratis.

Jijman ofisyèl san patipri ki dekri nan seksyon sa a dwe fèt yon lè ki fasil pou ou.

Avan trant (30) jou apre Ajans Prensipal Eta a resevwa dezakò (plent) ou a, jijman ofisyèl san patipri ki obligatwa sou seksyon sa a dwe fèt epi yo dwe voye yon desizyon ekri bay nou tou de ki konsène yo. Ofisye jijman an ka bay yon ekstansyon espesifik ki depase 30 jou a si nenpòt nan nou de a mande sa. Nenpòt pati ki pa satisfè ak rezilta ak desizyon jijman ofisyèl la gen dwa pou mennen yon aksyon sivil nan tribinal eta oswa federal. Pandan peryòd tan nenpòt pwosè ki gen yon plent ofisyèl, amwenske ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan ak ou menm dakò pou yon lòt bagay, pitit ou ak fanmi w ap kontinye resevwa entèvansyon bonè ki apwopriye a nan anviwònman ki idantifye nan IFSP a ou te bay konsantman an.

Si dezakò (plent) ant ou menm ak kote k ap ba w sèvis la gen yon aplikasyon pou premye sèvis yo, pitit ou ak fanmi w dwe resevwa sèvis sa yo ki pa nan disipit la.

3. Plent Administratif

Yon moun oswa òganizasyon ak sa yo ki soti nan yon lòt eta ladan ka depoze yon plent ekri siyen nenpòt pou di si nenpòt ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan ap vyole yon egzijans ki nan pwogram Pati

C a. Infant & Toddler Connection of Virginia pibliye pwosedi plent eta a toupatou bay paran ak lòt moun ki enterese, tankou sant fòmasyon pou apran, ajans pwoteksyon ak pledwari, ak lòt kote ki apwopriye. Plent la dwe genyen:

- a. Yon deklarasyon ki di yon egzijans nan Pati C te vyole;
- b. Yon deklarasyon ki montre sou ki bagay ki te fèt yo baze plent la;
- c. Siyati ak enfòmasyon pou kontakte moun k ap depoze plent la; ak
- d. Si plent la gen pou wè ak yon timoun an patikilye, y ap mete non ak adrès kay timoun nan; non ajans k ap bay timoun nan sèvis la; yon deskripsyon kisa pwoblèm nan ye, ansanm ki detay sou pwoblèm nan; ak pwopozisyon yon rezolisyon pwoblèm lan nan mezi yo konnen ak sa ki disponib pandan y ap depoze plent la.

Plent administratif yo dwe fèt epi Ajans Prensipal Eta a dwe resevwa yo avan yon (1) ane gentan pase depi vyolasyon y ap akize a. Moun oswa òganizasyon k ap depoze yon plent administratif dwe voye yon kopi plent la bay ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan k ap sèvis timoun nan menm lè li depoze plent la bay Ajans Prensipal Eta la.

Kou Ajans Prensipal Eta a resevwa plent la, li gen swasant (60) jou (amwenske gen yon gwo sikonstans ki egziste) pou:

- a. Envestige plent la, ki ka genyen yon envestigasyon endepandan sou plas, si li nesèsè;
- b. Bay moun oswa òganizasyon k ap depoze plent la yon okazyon pou soumèt plis enfòmasyon, swa pa bouch oswa ekri, sou plent la;
- c. Bay ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan yon opòtinite pou reponn plent la, ak yon opòtinite pou pwopoze yon rezolisyon pou plent la ak yon opòtinite pou patisipe nan yon medyasyon ladan;

- d. Deside si te gen yon vyolasyon ki fèt ou pa apre yo fin revize tout enfòmasyon ki gen pou wè ak ka a; epi
- e. Bay moun ki depoze plent la yon desizyon ekri ki abòde chak akizasyon sou plent la epi gen tout detay yo ak konklizyon ansanm ak rezon desizyon final la.

Si desizyon final la di yo te/pa bay sèvis ki pa apwopriye, Ajans Prensipal Eta a dwe abòde:

- a. Sèvis yo pa bay yo, ansanm ak aksyon apwopriye pou korije pwoblèm nan ou abòde bezwen pitit ou ki nan plent la ak fanmi w (tankou sèvis pou rekonpanse oswa lajan pou ranbouse); ak
- b. Sèvis apwopriye yo gen pou bay apre pou tout tibebe ak timoun pitit ki andikap ak fanmi yo.

Ajans Prensipal Eta a dwe mete pwosedi pou mete desizyon a an aplikasyon byen, si nesesè, ak aktivite asistans teknik, negosyasyon, ak aksyon pou korije pwoblèm nan pou respekte regleman yo.

Yo p ap ka trete okenn pati nan okenn plent y ap abòde nan yon jijman ofisyèl san patipri ansanm ak yon plent administratif nan pwosesis sa a avan konklizyon jijman an. Yo p ap ka konsidere pent yo deja deside sou yo nan yon jijman ofisyèl san patipri ak menm moun yo nan pwosedi sa a. Eta a dwe notifiye moun ki depoze plent la pou fè li konnen desizyon jijman an legal epi li dwe respekte li. Men, Ajans Prensipal Eta a dwe abòde plent yo depoze sou zafè pou mete desizyon yon jijman ofisyèl san patipri an aplikasyon.

Dwa Endividyèl Pou Fè Yon Apèl

(Pou moun ki gen Medicaid sèlman)

Lwa Eta ak Federal egzije pou yo notifiye moun yo alekri lè Depatman Asistans Medikal la oswa nenpòt moun ki gen kontra ak li pou aji nenpòt fason ki afekte sèvis moun nan resevwa. Fanmi yo dwe ekri pou mande yon apèl epi so lapòs ki sou anvlòp lè yo voye li a dwe avan 30 jou pase depi yo te voye avi pou di y ap aji yon fason ki pral gen yon move konsekans sou

fanmi an. Tanpri gade nan seksyon G dokiman sa a pou enfòmasyon detaye sou Dwa Endividyèl Pou Fè Yon Apèl.

E. Ranplasman Paran

Dwa pou pwoteje timoun ki kalifye yo sou Pati C menm si:

1. Yo pa ka idantifye paran yo;
2. Ajans /òganizasyon lokal k ap patisipe nan sistèm nan pa ka jwenn yon paran malgre tout efò rezonab li fè; oswa
3. Timoun nan sou titèl eta Virginia dapre lwa Kominote Eta a. Yon lòd tribinal oswa kontra ki respekte lalwa te koupe gad legal ak tout dwa parantal ak responsablite ou pran swen pitit la ak gad piti la.

Yon moun yo nome pou aji kòm "ranplasman" paran an dapre pwosedi sa yo. Pwosedi a gen ladan yon metòd pou detèmine si timoun nan bezwen yon ranplasman paran ak fè yon efò rezonab pou nome yon ranplasman pou timoun nan van 30 jou apre yo detèmine timoun nan bezwen yon ranplasman paran. Men kritè pou anplwaye lè n ap chwazi yon ranplasman:

1. Yo chwazi ranplasman paran yo nan nivo lokal dapre sa lwa Virginia pèmèt; epi
2. Yon moun yo chwazi kòm yon ranplasman paran:
 - Pa gen okenn enterè pèsònèl oswa pwofesyonèl ki an konfli ak enterè timoun li reprezante a;
 - Gen konesans ak konpetans pou asire l ap reprezante timoun nan byen; epi
 - Pa yon anplwaye okenn ajans eta oswa yon moun oswa yon anplwaye okenn lòt ajans piblik oswa ajans ki ofri sèvis entèvansyon bonè, edikasyon, swen oswa lòt sèvis bay timoun nan oswa nenpòt fanmi li. Yon moun ki kalifye pou yon ranplasman paran sou seksyon sa a pa konsidere yon anplwaye sèlman paske ajans /òganizasyon lokal ki fè

pati sistèm nan ap peye li pou sèvi kòn yon ranplasman paran.

Yo dwe konsilte ajans piblik yo nome pou pran swen timoun nan lè y ap detèmine bezwen ou epi, si yo bezwen, chwazi yon ranplasman paran pou yon timoun ki sou titèl eta Virginia oswa nan yon fanmi dakèy. Pou ka yon timoun ki sou titèl Virginia, jij k ap sipèvize dosye timoun nan gendwa nome yon ranplasman paran ki satisfè egzijans yo ki anwo la a.

Yon ranplasman paran ka reprezante pitit la nan tout bagay ki gen pou wè ak:

1. Evalyasyon pou detèminasyon kalifikasyon ak evalyasyon timoun nan;
2. Devlope ak mete an aplikasyon IFSP timoun nan; ak evalyasyon chak ane ak evalyasyon regilye ladan;
3. Kontinye bay timoun nan sèvis entèvansyon bonè; ak
4. Nenpòt lòt dwa ki etabli sou Pati C.

F. Enfòmasyon Kote Pou Kontakte

Ajans Prensipal Eta a pou Sistèm Entèvansyon Bonè nan Pati C Infant & Toddler Connection of Virginia a se Depatman Sante Konpòtman ak Sèvis Devlopman [Department of Behavioral Health and Developmental Services (DBHDS)]. Pou depoze yon plent pou yon timoun, oswa pou depoze yon plent administratif, oswa ou jwenn plis enfòmasyon sou pwosedi pou fè plent nan Virginia, ak bagay tankou rezolisyon dispit ak/ou jijman ofisyèl san patipri, kontakte Ajans Prensipal Eta a nan:

DBHDS
Infant & Toddler Connection of Virginia
1220 Bank Street, 9th Floor
P.O. Box 1797
Richmond, VA 23218-1797

No. telefòn dirèk - (804) 786-3710

Faks - (804) 371-7959 or
(804) 771-5877 (TDD/TTY)

oswa

Si w ta pito fè yon apèl gratis, ou ka rele 1-800-234-1448 pou kontakte Repètwa Santral la. Y ap pataje non ou ak enfòmasyon pou kontakte w avèk Biwo Infant & Toddler Connection of Virginia epi youn nan manm ekip ou yo ap kontakte w.

G. Dwa Endividyèl Pou Fè Yon Apèl (Pou moun ki gen Medicaid sèlman)

Kòd regleman federal nan 42 CFR §431 *et seq.*, ak Kòd Administratif Virginia nan 12VAC30-110-10 jiska 370, egzije pou yo bay notifikasyon ekri bay moun lè DMAS oswa nenpòt moun ki gen kontra li aji yon fason ki gen yon move konsekans sou fason moun nan resevwa sèvis yo. Kliyan Medicaid la oswa yon reprezantan ki gen otorizasyon pou fè sa nan non kliyan an kapab fè yon apèl kont aksyon ki gen move konsekans sou sèvis li a. Aksyon ki gen move konsekans gen ladan otorizasyon ki pa konplè, refize, redwi, kanpe ak koupe sèvis. Epi tou, yo ka fè apèl si yon ajans pa bay sèvis yo mande a nan peryòd tan ki obligatwa a.

Apèl yo kapab pou dezakò sou:

- kalifikasyon pitit ou a pou sèvis Pati C;
- devlopman yon Plan Sèvis Pèsonalize Pou fanmi avan 45 jou apre dat rekòmandasyon nan sistèm entèvansyon bonè Pati C a;
- fason yo bay sèvis entèvansyon bonè tankou sèvis ki nan yon Plan Sèvis Pèsonalize Pou Fanmi (IFSP); ak
- kantite fwa yo bay sèvis sa yo ak kantite tan yo dire.

Pou moun ki pa konprann angle yo, y ap bay yo yon tradiksyon dwa yo pou fè apèl y ap ka konprann depi yo mande sa.

Si yo ta depoze yon apèl avan dat yo kanpe, redwi, oswa koupe sèvis la, nivo ak dimansyon sèvis yo te resevwa avan yo kapab kontinye pandan pwosesis apèl la. Men, si ofisyèl jijman an dakò ak aksyon ajans la, kliyan an ap oblije reapeye DMAS pou tout sèvis li te resevwa pandan peryòd apèl la. Pou rezon sa a, kliyan an gendwa chwazi pou l pa kontinye resevwa sèvis. Ajans k ap bay sèvis la ap kontakte DMAS pou rekòmanse sèvis yo si yo sipoze kontinye. Si yo kontinye oswa

rekòmanse pwoteksyon akòz yon apèl, ajans k ap ofri sèvis la ka pa kanpe, redwi oswa koupe sèvis jiskaske yon ofisye jijman bay yon desizyon.

Fanmi yo dwe ekri pou mande yon apèl epi so lapòs ki sou anvlòp lè yo voye li a dwe avan 30 jou pase depi yo te voye avi pou di y ap aji yon fason ki pral gen yon move konsekans sou fanmi an. Kliyan an oswa reprezantan li ki gen otorizasyon pou sa ka ekri yon lèt oswa ranpli yon Fòm Demann Apèl. W ap jwenn fòm sa yo nan men Kowòdonatè Sèvis ou, sou entènèt nan www.dmas.virginia.gov, sou sitwèb Infant & Toddler Connection of Virginia a nan www.infantva.org, nan men Espesyalis Pwoteksyon Pwosediral Pati C yo nan (804)786-3710, oswa sou nimewo (804) 371-8488.

Lè w ap ranpli fòm pou apèl la, ou dwe klè sou sa w vle yo revize, epi mete yon kopi avi pou aksyon ou pa dakò ak li a.

Demann pou apèl la dwe siyen epi voye li pa lapòs oswa pa faks bay:

Appeals Division
Department of Medical Assistance
Services
600 E. Broad Street, 11th floor
Richmond, Virginia 23219
FAKS: (804) 371-8491

Gen plis enfòmasyon sou pwosesis apèl la disponib ou entènèt nan www.dmas.virginia.gov, nan www.infantva.org, oswa nan men Espesyalis Pwoteksyon Pwosediral ou nan (804)786-3710.

H. Glosè

Evalyasyon—pwosedi regilye pwofesyonèl kalifye apwopriye itilize pandan tout peryòd yon timoun kalifye sou Pati C pou idantifye—

- (1) Fòs ak bezwen pa timoun nan ak sèvis ki apwopriye pou satisfè bezwen sa yo; ak
- (2) Resous, priyorite ak enkyetid fanmi an ak sipò ak sèvis pou rann li pi fasil pou fanmi an satisfè bezwen devlopmantral tibebe ak timoun piti yo ki gen yon andikap.

Pataje – Pou otorize aksè oswa pataje, transfere, oswa kominike pa lòt mwayen enfòmasyon pèsonèl ki ka idantifye moun ki

nan dosye edikasyon pa nenpòt mwayen tankou pa bouch, ekri, pa mwayen elektwonik depi se pa moun ki te bay oswa kreye dosye a.

Evalyasyon – Pwosedi pwofesyonèl kalifye ki apwopriye itilize pou detèmine si yon timoun kalifye epi rete kalifye sou Pati C, konfòmman ak definisyon "ti bebe ak timoun piti andikape" nan 34 CFR 303.21.

Fanmi— defini dapre fason chak fanmi defini li yo menm.

Evalyasyon fanmi – Fanmi yo dwe dirije ak prepare evalyasyon fanmi yo pou detèmine resous, priyorite, ak enkyetid fanmi ak idantifye sipò ak sèvis ki nesèsè pou rann li pi fasil pou fanmi an kapab satisfè bezwen timoun nan genyen pou devlope.

IFSP — Plan Sèvis Pèsonalize Pou Fanmi (IFSP), yon plan ekri pou bay sèvis entèvansyon bonè bay timoun/fanmi kalifye ki:

- (1) Li devlope nan ant fanmi an ak pwofesyonèl kalifye ak apwopriye pou bay sèvis entèvansyon bonè;
- (2) Li baze sou yon evalyasyon plizyè disiplin pou detèminasyon kalifikasyon ak evalyasyon timoun nan ak evalyasyon fòs ak bezwen fanmi timoun nan, jan fanmi an detèmine ak jan li obligatwa nan 34 CFR 303.321; epi
- (3) Genyen ladan sèvis ki nesèsè pou satisfè bezwen pitit la ak fanmi an yo menm, ak lòt pati ki nan lis sou 34 CFR 303.344.

Medyasyon—Yon pwosesis volontè kote paran ak ajans k ap ofri sèvis yo dakò pou rezoud dezakò Pati C. Ni paran ni ajans k ap ofri sèvis yo oblije patisipe nan pwosè medyasyon an epi yo tou de dwe otorize nenpòt antant ki fèt. Yo pa ka itilize yon medyasyon pou refize oswa fè w tann pou dwa w pou genyen yon jijman san patipri oswa okenn lòt ou genyen sou Pati C.

Plizyè Disiplin – Patisipasyon de oswa plizyè disiplin oswa pwofesyon. Konsènan evalyasyon pou detèmine kalifikasyon ak aktivite evalyasyon nan 34 CFR 303.321, mo "plizyè disiplin" nan kapab genyen yon moun ki kalifye nan plis pase yon disiplin oswa pwofesyon. Konsènan Ekip IFSP nan 34 CFR 303.340, ekip plizyè disiplin nan dwe gen paran, kowòdonatè

sèvis ak omwen yon lòt moun nan yon disiplin
kip a menm ak kowòdonatè sèvis la.

Anviwònman Natirèl – Anviwònman ki
natirèl oswa nòmal pou timoun menm laj ak
pitit ou a ki pa gen yon andikap.

Paran – Genyen ladan:

- (1) yon paran biyolojik, adoptif oswa paran
dakèy yon timoun;
- (2) yon responsab legal (men pa Eta a si pitit
la sou titèl Eta a);

(3) yon moun k ap aji nan plas yon paran
biyolojik oswa adoptif (tankou gran paran,
bòpè oswa bèlmè) timoun nan viv ak li
oswa ki responsab legalman pou byenèt
timoun nan;

(4) yon ranplasman paran yo te nome
konfòmman ak Pati C regleman 34 CFR
303.422

ENFÒMASYON SOU PRI POU FANMI AN PATAJE

Dokiman sa a detaye responsablite fanmi ak kote k ofri sèvis yo konsènan peman pou sèvis entèvansyon bonè nan sistèm Infant & Toddler Connection of Virginia a.

Pri pou sèvis entèvansyon bonè:

- **Sèvis gratis:** Kèk sèvis entèvansyon bonè gratis pou fanmi an. Sèvis sa yo genyen ladan yo:
 - Aktivite pou idantifye timoun ki kapab kalifye pou sèvis Pati C (Jwenn Timoun Nan);
 - Detèminasyon kalifikasyon ak evalyasyon pou detèmine si yon timoun kalifye pou sèvis ak pou idantifye fòs ak bezwen li pou planifye sipò ak sèvis ki apwopriye;
 - Aktivite ak komunikasyon ak kowòdonatè sèvis yo mete sou dosye pitit/fanmi an (kowòdinasyon sèvis);
 - Devlopman, revizyon ak evalyasyon Plan Sèvis Pèsonalize Pou Fanmi an; epi
 - Tout aktivite ki gen pou wè ak dwa timoun/paran an tankou dwa ou genyen yon pwosesis plent administratif ak medyasyon (pa egzanp, mete pwoteksyon pwosediral yo an aplikasyon).
 Tout lòt entèvansyon bonè yo ka gen yon frè pou fanmi an peye.
- **Frè pou sèvis:** Genyen frè pou fanmi ki gen timoun k ap resevwa sèvis entèvansyon bonè nan Virginia peye. Jeneralman yo etabli frè yo kòm yon pri pou peye pou sèvis yo epi yo fèt konfòmman ak regleman federal Pati C ak Kòd Virginia a.
- **To Entèvansyon Bonè:** Kantite fanmi yo ap peye pou sèvis yo ap depann sou kote yo resevwa sèvis la. To sa yo se maksimòm kantite frè Medicaid ak lòt finansman piblik, ak/ou frè fanmi ap peye.

	Kategori 1: Terapet fizik oswa asirans, Terapet okipasyonèl oswa asistan, Patològ Langaj, Enfimyè	Kategori 2: Edikatè, Konseye, Asistan Entèvansyon Bonè, Travayè Sosyal, Sikològ, Terapet mizik, eksetera*
Anviwònman natirèl an prive	\$37.50 chak 15 minit	\$27.50 chak 15 minit
Anviwònman natirèl an gwoup	\$25.13 chak 15 minit	\$18.43 chak 15 minit

*Kategori 2 genyen ladan tou Espesyalis Oryantasyon ak Mobilite, Espesyalis Rekreyasyon Terapetik Sètifye, Pwofesyonèl Lasyans Fanmi ak Konsomatè, Terapet fanmi, Asistan Enfimyè Sètifye, ak Enfimyè Praktisyèn

Frè Pou Fanmi:

- **Kapasite moun genyen pou peye:** Kantite fanmi an kapab kontribye pou tout sèvis entèvansyon bonè ki baze sou gwosè fanmi an, revni ak depans, jan li dokimante nan Fòm Kontra Pri Pou Fanmi An Pataje a ak/ou Fòm Pou Mande Anile Frè a.
- **Kapasite moun pa genyen pou peye:** Kapasite fanmi a pa genyen pou peye menm yon dola pou pri sèvis entèvansyon bonè a. Y ap detèmine ak dokimante si yon moun pa gen kapasite pou peye ak regleman (ki gen pwosesis pou mande pou anile frè a ladan) ki dekri nan ti liv sa a epi fanmi a ap resevwa tout sèvis entèvansyon bonè gratis.
- **Echèl frè ki baze sou revni:** Yon frè ki baze sou revni moun nan peye taks sou li ak kantite moun nan fanmi an yo itilize pou detèmine yon maksimòm limit fanmi a responsab pou peye. Gen yon kopi echèl frè ki baze sou revni a sou dènye paj dokiman sa .

- Yon fanmi kapab peye yon frè ki pi piti oswa egal a limit pou peye chak mwa a, jan li detèmine nan echèl frè ki baze sou revni an, dapre frè, kopeman, ko-asirans ak/ou dediktib ki monte pou sèvis yo te resevwa.
- Maksimòm peman pou fè chak yo etabli pou fanmi an ap rete menm nan san gade sou
 - si se youn oswa plis timoun ki resevwa sèvis;
 - kantite sèvis yo resevwa; ak
 - kantite ajans yo resevwa sèvis nan men yo.
- **Pwosedi Pou Fè Apèl:** Genyen yon pwosedi pou fè apèl pou mande anile yon frè si kantite maksimòm pou peye chak yo detèmine nan echèl frè ki baze sou revni a difisil pou fanmi yo peye. An plis, fanmi yo ka depoze yon plent administratif, mande medyasyon ak/ou kòmanse yon jijman san patipri si yo pa ka peye oswa rezoud diferans yo konsènan frè a nan nivo lokal.
- **Fanmi ki pa pataje enfòmasyon finansyèl:** Fanmi yo gendwa chwazi pa bay enfòmasyon finansyèl epi peye tout kòb sèvis yo koute.

Asirans:

- Fanmi yo p ap bezwen peye pou sèvis pitit yo gendwa resevwa gratis.
- Yo p ap fè yo tann oswa refize bay yo sèvis paske yo pa kapab peye pou sèvis yo. Si fanmi an satisfè definisyon kapasite moun pa gen pou peye, pitit yo dwe resevwa sèvis entèvansyon bonè gratis.
- Yo p ap mande fanmi yo pou peye plis pase pri sèvis la koute epi y ap konte peman yo resevwa nan men lòt sous peman, tankou asirans.
- Y p ap mande fanmi ki gen asirans prive oswa piblik yo pou peye plis pase sa ki pa gen asirans yo.

Pou Itilize Asirans Prive/TRICARE pou peye pou sèvis entèvansyon bonè:

Anpil plan asirans prive ak TRICARE peye pou kèk sèvis entèvansyon bonè yo mande paran peye. Sèvis sa yo gen ladan yo Terapi fizik, Terapi okipasyonèl, Patològ langaj, ak Sèvis ak aparèy teknoloji pou asiste ladan yo.

- Fanmi yo gendwa chwazi pou itilize asirans yo pou peye pou sèvis entèvansyon bonè oswa yo gendwa chwazi pou pa itilize asirans yo.
- Lè yo itilize asirans prive pou peye pou sèvis yo kapab genyen pri ki asosye ak sa tankou kopeman, ko-asirans, dediktib, oswa yo ka gen bagay ki dire plis tan tankou yo pèdi avantaj yo paske gen yon limit kouvèti pou ane a oswa tout vi yo.
- Virginia te bati plizyè pwoteksyon pou bese kantite avantaj finansyèl fanmi yo pèdi lè yo itilize asirans prive pou peye pou sèvis entèvansyon bonè. Asanble Jeneral Virginia a te pase lòd pou konpayi asirans prive yo (ki pa finanse tèt yo) bay jiska \$5,000 pwoteksyon pou sèvis entèvansyon bonè chak ane san sa pa afekte pwoteksyon asirans pou lavi oswa mete yon risk pou pèdi pwoteksyon.
- Fanmi ki itilize echèl frè ki baze sou revni yo pou etabli yon limit pou chak mwa dwe peye pou kopeman, ko-asirans ak dediktib yo (menm se limit la pa pou kopeman, ko-asirans ak dediktib si fanmi a gen yon kont depans fleksib ki peye pou depans sa yo otomatikman).

Pou fanmi ki gen yon kont depans fleksib swen sante:

- Fanmi yo responsab pou peye tout kantite nenpòt kopeman, ko-asirans ak dediktib pou sèvis entèvansyon bonè si fanmi a gen yon kont depans fleksib swen sante *ki peye fanmi an oswa ajans ki ofri sèvis la otomatikman*. Sa ap nesesè akòz enplikasyon taks pou fanm ak rediksyon to ranbousman asirans potansyèl.
- Lè genyen yon kont depans fleksib ki peye fanmi an oswa kote ki ofri sèvis la otomatikman pou depans ki pou soti nan pòch yo (pa egzanp: kopeman, ko-asirans, dediktib (eksetera), limit ki dokimante pou peye chak mwa nan Fòm Kontra Pri Pou Fanmi An Pataje a ap sèlman pou sèvis plan asirans sante a pa kouvri, jiskaske yo fin itilize tout lajan ki nan kont depans fleksib la. Kou tout lajan ki nan kont depans fleksib la fini, limit pou peye chak mwa a p kouvri tout sèvis ki nan IFSP pitit la.
- Règ sa a pa pou ranbousman yo resevwa sou kont depans fleksib yo (pa egzanp, fanmi an bezwen soumèt dokiman pou resevwa lajan nan kont depans fleksib yo) oswa si yo gen yon kat debi kont depans fleksib pou peye depans tankou kopeman, ko-asirans ak dediktib.

- Fanmi gendwa vle gade si yo gen yon chwa nan kijan pou kont fleksib depans yo dwe fèt. Kèk kont depans fleksib bay yon chwa pou peye otomatikman pou sèten depans men pa pou kèk lòt oswa chwa pou mande ranbousman pou depans medikal oswa pou itilize yon kat pou peye kote ki ofri sèvis yo sou kont la tan pou fanmi an oswa kote k ofri sèvis la resevwa peman an otomatikman.

Pou Itilize Medicaid/FAMIS pou peye pou sèvis entèvansyon bonè:

- Fanmi yo pa oblije aplike oswa enskri pou antre nan Medicaid/FANMI pou jwenn sèvis entèvansyon bonè nan sistèm Infant & Toddler Connection of Virginia a.
- Pran yo ap bezwen bay konsantman pou voye bòdwo bay Medicaid/FAMIS si timoun nan pa deja enskri nan Medicaid/FAMIS. Si paran an pa bay konsantman pou itilize Medicaid nan sitiyasyon sa a, lè sa tout sèvis IFPS dwe toujou disponib pou timoun nan ak fanmi li.
- Konsantman paran obligatwa pou sistèm lokal la pataje enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye timoun nan bay Depatman Sèvis Asistans Medikal la pou regle zafè bòdwo. Paran yo gendwa anile otorizasyon sa a nenpòt moman.
- Nan Virginia, si yo itilize Medicaid/FANMI pou peye pou sèvis entèvansyon bonè sa pa pral:
 - Bese pwoteksyon pou vi timoun nan oswa pari li oswa lòt avantaj asirans sou pwogram Medicaid/FAMIS la;
 - Fè paran an oblije peye pou sèvis Medicaid/FAMIS ta dwe peye;
 - Fè gen okenn ogmantasyon nan prim oswa anile avantaj oswa asirans piblik pou paran oswa pitit la; oswa
 - Fè gen risk pou pitit la oswa paran pitit la vin pa kalifye pou egzanpsyon pou kay oswa kominote ki baze sou total pri pou lasante.
- Sèlman pri paran yo kapab gen pou peye paske yo itilize Medicaid/FAMIS pou sèvis entèvansyon bonè t ap obligasyon pou itilize asirans prive yo, si yo gen youn ak si yo te bay konsantman pou itilize asirans prive sa a, avan yo voye bòdwo bay Medicaid pou sèvis ki pa sa yo ki dwe gratis yo.

Responsablite kote k ap ofri sèvis yo:

Kote k ap ofri sèvis yo gen responsablite konsènan peman pou sèvis entèvansyon bonè nan Virginia. Kote k ap ofri sèvis yo dwe:

- Enfòmè fanmi yo sou responsablite yo pou peman pou sèvis entèvansyon bonè;
- Enfòmè fanmi yo sou regleman ak pwosedi peman yon ajans k ap bay sèvis yo responsab pou peye;
- Pa refize bay Sèvis Entèvansyon Bonè paske yo pa ka peye;
- Enfòmè fanmi yo ki sèvis yo dwe bay yo gratis;
- Enfòmè fanmi yo chanjman pou chak sèvis fanmi yo resevwa;
- Enfòmè fanm yo yon fanmi gendwa chwazi pou peye tout frè yo si yo pa vle bay enfòmasyon finansyèl yo;
- Enfòmè fanmi yo kijan yo gendwa chwazi pou itilize asirans prive yo oswa TRICARE pou peye pou sèvis entèvansyon bonè oswa yo pa itilize li;
- Enfòmè fanmi ki chwazi itilize asirans pou peye pou sèvis entèvansyon bonè yo sou responsablite fanmi yo pou kopeman, ko-asirans ak/ou dediktib fanmi a responsab pou peye (ak yon limit pou peye chak mwa ki baze sou kantite lajan y ap touche nou diskite pi ba a);
- Enfòmè fanmi yo kapab itilize Echèl Ki Baze Sou Kantite Moun Touche a kit yo itilize asirans yo pou peye pou sèvis ou pa pou detèmine yon limit chak mwa pou peye, ki se maksimòm kantite y ap oblije peye chak mwa (ki rele kapasite yo pou peye tou). Limit pou peye chak mwa a pa genyen pou wè ak kopeman, ko-asirans oswa dediktib lajan si fanmi an gen yon kont depans fleksib fanmi an peye fanmi an oswa kote k ap bay sèvis la otomatikman pou depans yo;
- Notifye fanmi yo nenpòt chanjman nan frè y ap gen pou peye;
- Enfòmè fanmi yo yon fanmi kapab fè apèl ki kantite yo responsab pou peye baze sou kantite revni yo a difisil pou yo peye; epi
- Enfòmè fanmi yo kijan yo gen dwa depoze yon plent administratif, mande yon medyasyon ak/ou kòmanse yon jijman san patipri nenpòt ki lè.

Responsablite Fanmi Yo:

Fanmi yo gen responsablite konsènan peman pou sèvis entèvansyon bonè nan Virginia. Fanmi yo responsab pou:

- Mande asistans nan men kowòdonatè sèvis yo pou reponn kesyon oswa bay eksplikasyon nenpòt enfòmasyon yo pa konprann sou frè yo;
- Peye tout frè a si yo chwazi pa bay enfòmasyon finansyè pou yo ka genyen frè ki baze sou kantite lajan y ap touche a;
- Kopeman, ko-asirans ak dediktib si asirans yo ede peye pou sèvis yo. Si kopeman, ko-asirans ak dediktib yo difisil po peye, fanmi ak ka bay enfòmasyon finansyè yo pou detèmine yon limit pou peye chak mwa (menm se limit la pa pou kopeman, ko-asirans ak dediktib si fanmi a gen yon kont depans fleksib ki peye pou depans sa yo otomatikman);
- Bay enfòmasyon finansyè pou detèmine yon limit pou peye chak mwa ki baze sou kantite lajan y ap touche;
- Kòmanse yon pwosesis pou fè apèl si frè ki baze sou kantite revni yo a difisil pou yo peye;
- Di kowòdonatè sèvis la si gen chanjman nan sitiyaasyon finansyè yo; epi
- Patisipe nan yon re-evalyasyon akò finansyè pou detèmine responsablite frè fanmi an.

Si w gen kesyon sou frè ak sèvis yo, tanpri kontakte:

Si w gen kesyon sou frè yo epi w ta renmen pale ak biwo eta a, tanpri rele:

1-(804) 786-3710

Si w ta renmen pale ak reprezantan fanmi eta a, tanpri rele:

1-(888) 604-2677 pòs 3



Infant & Toddler Connection of Virginia

Echèl Frè Pri Pou Fanmi An Pataje

Revni Ou Peye Taks Sou Li		Patisipasyon Pri Pou Fanmi An Pataje Chak Mwa Dapre Kantite Fanmi			
		3 oswa pi piti	4	5	6 oswa plis
\$0	\$45,000	\$0	\$0	\$0	\$0
\$45,001	\$55,000	\$0	\$0	\$0	\$0
\$55,001	\$65,000	\$66	\$50	\$40	\$26
\$65,001	\$75,000	\$90	\$68	\$54	\$36
\$75,001	\$85,000	\$120	\$90	\$72	\$48
\$85,001	\$95,000	\$152	\$114	\$91	\$61
\$95,001	\$105,000	\$190	\$143	\$114	\$76
\$105,001	\$125,000	\$276	\$207	\$166	\$110
\$125,001	\$145,000	\$378	\$284	\$227	\$151
\$145,001	\$165,000	\$496	\$372	\$298	\$198
\$165,001	\$185,000	\$630	\$473	\$378	\$252
\$185,001	\$215,000	\$818	\$614	\$491	\$327
\$215,001	\$245,000	\$1,030	\$773	\$618	\$412
\$245,001	\$285,000	\$1,312	\$984	\$787	\$525
\$285,001	\$325,000	\$1,756	\$1,317	\$1,054	\$702
\$325,001	\$365,000	\$2,118	\$1,589	\$1,271	\$847
\$365,001	oswa plis	\$2,430	\$1,823	\$1,458	\$972

Nòt: Echèl frè pri pou fanmi an pataje etabli yon limit pou peye chak mwa, ki se maksimòm kantite yon fanmi oblije peye chak pou sèvis entèvansyon bonè kèlkeswa frè a (yo), kantite diferan kalite sèvis, oswa konbyen fwa ou resevwa sèvis yo ak kantite tan sèvis yo dire. Si gen frè, kopeman, ko-asirans oswa dediktib ki akimile yo pi piti pase limit chak mwa a, fanmi an t ap oblije peye kantite ki pi piti a pou mwa sa a.